ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭР

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКI

№118 (21.526) ● 2009 гъэм мэкъуауэгъуэм (июным) и 25, махуэку ● Тхьамахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2008 гъэм фокIадэм и 10-м къыдигъэкIа Унафэ №209-ПП-м зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и IуэхукIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2009 гъэм мэкъуауэгъуэм и 16-м *№160-ПП*

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещI:**

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Iэщ лъэпкъыфI щыгъэхъунымкIэ и IэнатIэм и къэрал инспектор нэхъыщхьэм и IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2008 гъэм фокIадэм и 10-м къыдигъэкIа Унафэ №209-ПП-м зэхъуэкIыныгъэ хэлъхьэн, пункт 2-м къару имыIэжу кьэлытыгъэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ ЯРИН Андрей

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Iэщ лъэпкъыфI щыгъэхъунымкIэ и IэнатIэм и къэрал инспектор нэхъыщхьэм и IуэхукIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2009 гъэм мэкъуауэгъуэм и 16-м *№360-рп*

«Iэщ лъэпкъыфI гъэхъунымкIэ и IуэхукIэ» 1995 гъэм щыщхьIум и 3-м къыдагъэкIа Федерал закон №123-ФЗ-м ипкъ иткIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Iэщ лъэпкъыфI щыгъэхъунымкIэ и IэнатIэм и къэрал инспектор нэхъыщхьэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм мэкъуэмэш хозяйствэмрэ ерыскъыпхьэхэмкIэ и министр **Ерчэн Темболэт Хьусейн и къуэр** гъэувын.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщI ЯРИН Андрей

● КъБР-м и Правительствэм

Иджырей мардэхэм къеззгъыжыркъым

КъБР-м и Правительствэм кьищтащ «2009 - 2015 гъэхэм КъБР-м физкультурэмрэ спортымрэ зыщегъэжьы-ныр» республикэ программэ хэхар. Абы зэритымкIэ, дызыхуэхIуэ илъэси 7-м кьрибыдзу Къэбэрдей-Балъкъэрым спорт Iуэхущ1анIэу 385-рэ, спортым зыщыхуагъаеэ губгъуэу 337-рэ щащIын хуейщ.

КъБР-м экономикэ зыужьыныгъэмрэ сатумкIэ и министр Мусуков Алий зэрыжиIамкIэ, республикэм идкьщсту спорт пэщышхуэу 438-рэ, стадиону 11, бассейну 10, спортым зыщыхуагъаеэ щIыпIэу 717-рэ щыIэщ. Ауэ балигъыу КъБР-м исым ящыщу зэкIэ спортым кьыхэща хъуар пощеитI 10-рщ. Ар кьызыхэкIыр, псом япэу, спорт уэрыныгъэхэр зэрызэкIэлъыдыкIуэрщ. Абыхэм я нэхьыбэр щащIар 70 гъэхэрщи идкьрей мардэхэм кьезгъыжыркъым.

Республикэ программэ хэхар гъэзэщIэным хиубыдзу жыларIуэхэм дащIыхьынущ бассейнхэр зыхэт, узынщагъэр щрагъэфIакIуэ физкультурэ комплексу 10, спортым и лЭужьыгъуэ куэдым зыщыхуагъаеэ комплексу 111-рэ, спортым зыщыхуагъаеэ щIыпIэу 97-рэ, стадион мыину 4. Курыт еджапIэхэм идкьри спорт пэщышхуэу 136-рэ хуащIынущ, спортым зыщыхуагъаеэ щIыпIэу 236-рэ щызэрагъэпэщыжынущ.

А псоми я фIыщIэкIэ ди щIыхуэхэм Iэмал ягъуэтынущ спортым нэхъ зратыну. КъБР-м Экономикэ зыужьыныгъэмрэ сатумкIэ и министерствэм и Iэщ1ат1эхIэхэм кьызрагъэтэмкIэ, 2015 гъэм ирихьэлIэу республикэм щIыхуу исым я процент 60 нэхърэ мынэхъ мащIэр физкультурэмрэ спортымрэ кьыхащIынущ. Республикэ программэ хэхар гъэзэщIэным трагъэкIуэдэн папщIэ республикэ бюджетым сом меларди 8-рэ мелуан 861-рэ щыхуахынущ.

КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1анIэ.

Iэщ гъэхъуным зратыж, жыг хадэхэр къагъэщIэрэщIэж

● Лъэпкъ проект

Кэнжэдэхэр колхозу щыIэзгуагъэхьа 1931 гъэ лъандзрэ дэкIа зэманым кърибыдзу а хозяйствэм зэрелджэр зыбжанэрэ яхъуэжащ. Ауэ сыт хуэдэ щIэ пIами, зэхъуэкIыныгъэхэр кьрахьжьэу кьэралыр якъуэдкIыжьы и зэфIэкIым пщIэшхуэ итыуэтащ. Зэрихьэ IэнатIэхэмкIэ хозяйствэр республикэмк1и ди гъунэгъуэхэми щыпашхэхэм ящыщт.

РСФСР-м и Министрхэм я Советым и Унафэкlэ 1974 гъэм «Кэнжэ» пхъэщхьэмыщхьэ совхозу щыIэзрахъуэкIа лъэхъэнэм абы и цIэр къэрал псом щыIэIэпахырт. Куэд щIохъуэнсырт кэнжэдэхэм я Iуэхущ1афэм зыкъагъэIуэтэну, я пхъэщхьэмыщхьэ зехьэкIэм кIэлыпIэныну.

Хозяйствэм и жыг хадэхэм апхуэдизу лъэщу заужьыртри, гъэ кьэсу а IэнатIэм хэхъуэ кьабзэу сом мелуанрэ щитхурэ, абы щIигъу кьахуихьырт. А зэманым ар ахьшэшхуэт.

ЗыIэрнгъэхьа екъуалIэныгъэхэм папщIэ, 1979 гъэм «Кэнжэ» совхозым кьратат КПСС-м и ЦК-м, СССР-м и Министрхэм я Советым, ВЦСПС-м, ВЛКСМ-м и ЦК-м я Бэракъ Пlтыжьк зэIэпахыр, ипэ ита ильэсым - РСФСР-м и Министрхэм я Советымрэ ВЦСПС-мрэ я апхуэдэ дамыгъэр.

1980 гъэм РСФСР-м Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэр Кэнжэ щрагъэкIуэжI гъэунэхуныгъэхэм арэзы техьуэри, адрейхэр ирилажьэну ар кьиштауэ щытащ.

АтIэ, нобэ сытхэр и Iуэхущ1афэ нэхъапэм лажьыгъэшхуэ зиIа, иджы «Кэнжэ» Iэщ лъэпкъыфI совхоз» акционер обществэ зэIуахкIэ зэджэ хозяйствэм? Ар зэдгъэщIэну дэ зыхуэдгъэзащ а IэнатIэм и унафэщI КIэщт Альберт.

-Альберт, мэкъумэш хозяйствэм зегъэужьыныгъкIэ къэрал Программэм щыубзыхуахэр гъэзэщIэным нобэ мыхьэнэшхуэ ират. Фи хозяйствэр а Iуэхум дауэ екъуалIэрэ?

- Иджыпстукlэ кьуэкъэм щIышхуэ щытIыгъкъым, щIыху куэди дгъэлажьэркъым. Жыг хадэу ректар 317-рэ диIэщи, 82-р дэ зыдохьэ, адрейхэр кьуажэдэс щIалэгъуалэм бэджэнду етащ. Абыхэм кьыпахыныкIэ мылъку зэрагъэпэщ, я щхьэ, я унагъуэ япIыж.

Ди дежь хъарзынэу щохьу, ди щIым нэхъыфIыр иозэгъ щIэупщIэшхуэ зиIэ «Делицес» мыIэрысэ лIэужьыгъуэр. Абы Iуэхум дытрегъэгушхуэ. Кьапщтэмэ, мыIэрысей жыгыщIэхэр хьдоеэ. Мы гъэм аэрэ гектар 20-м щыдгъэтIысащ, етIанэгъэ нэхъыбэж хуэхтынущ.

Налшык и Искож хьэблэм и ищхьэрэкIэ щыIэ Бэтэгъэ щIыпIэм гектари 100, Аруан районым хьыхь Чернэ Речкэ кьуажэм адэIуэкIэ гектар 350-рэ хуэдиз щыIыгьщ. Абыхэм бэджэндырылажьэхэм гъавэрэ хадэхэкIэмрэ щызэрахьэ.

- **Гъатхэсэм фызэрехьулIам, Iэщыр щIымахуэ зэрыщIэнэгъэкIам и гугъу эдгъэщIынут.**

- ПсыIапэр иныгьын щхьэкIэ хьэсэ псори тетIащIэри, жылапхъэхэмрэ щыгъэпщэрхэмкIэ хъарзынэу дыкъэзгъэпэщати, а лэжьыгъэр и чэзум зэфIэдгъэкIащ, нартыхъум гектар 360-рэ хуэхтхащ.

Мы щIымахуэм ди быымым мэкъумыпэр пэрыхьэту ягъуэтащ. Iэщ лъэпкъыфIу 200-м щIигъу диIэщи, абы щыщу 84-р кьыдоди. Гъэ къэси аэрэ Кэнжэ щыдиIэ гъэмахуэ хьупIэм догъакIуэ, гьатхэр кьызэрихьэ лъандзрэ а щыпIэм ди Iэщ1ихьуэхэр щолажьэ. Абыхэм маз2 улахуэу сом мининби яхуэдгъэзуваш, абы кьыдэкIуэу гьавэрэ мэкъумыпэрэ идот.

- **Фи мурадхэм теухуауэ сыт кьыждекIпэж?**

- Ахэр щыкIыкъым. Дауи, абыхэм дыщекIыпIэнур зэманым кьигъэувэ зэрыгъэзэнущ. Iуэху зехьэкIэ зэмылIэужьыгъуэхэм щыху нэхьыбэ кьыхэтшэну ди мурадщ. Къэралым и гулъытэр зыхэтщIэхуаущ, абыи дытрегъэгушхуэ.

- **Нобэкlэ сытхэм нэхъ фигъэпейтейрэ, Альберт?**

- Уасэхэр кьыттохьэпэ. Щыгъэпшэрхэмрэ дагъэ гъэсыныпхъэхэмрэ гъапIэщи, дызыхуейм хуэдиз зэуэ кьыгъэхуэрхьыж. Лэжьыгъэм мыгъэкIуэу Iэщ1ат1эхэр, кьетхьэлIэм хуагъаз3эрэ абырэ зэхуэкIуэжьыркъым. А щытыкIэм зрагъэхъуэжьыну дыщогуть.

Лэжьакlуэ куэд дыхуейщ. Кьаалэм дыпэгъэнэгъущи, нэхъапэхэм хуэдэу цIыхуэхэр тэмэму кьытхуещэлIэжьыркъым. Абы кьыхэкIыну, кьуажэдэсхэр зэхуэтшэсу дахэпэсэхьыхьыну, езыхэм жаIэм дедэIуэну, дызыхуежьа Iуэхухэр зэдгъэхьуIэн папщIэ щыIэ хэмЫыпIэхэр зэпкърытхыну ди мурадщ.

Епсэлъар
ТЕКIУЖЬ Заретэщ.

● Нобэ

Европэм и щыгум докI

Нобэ, мэкъуауэгъуэм и 25-м, «Эльбрусиадэ-2009» урыкеипсо акIэм хэтхэр Европэм и бгы нэхъ льагэ дыдэ Iуащхьэмахуэ дэкIын щIадзэнущ.

УРЫСЕЙ Федерацэм и Тельыдэжьблым яцIыщ зым хуэдэу Iуащхьэмахуэ ирагъэжьынущ КъБР-м и Правительствэм и Iэтащхьэ **Ярин Андрей**, УФ-м Спортымкlэ, туризмэмкlэ, щIалэгъуалэ политикэмкlэ и министерствэм и кьудамэм и унафэщI **Шахов Сергей**, Къэрал Думэм и депутатхэу **Яковлевэ Татьянэ, Щхьэгуэш Адэлбий, Мищенкэ Максим**, Къэбэрдей-Балъкъэрым хьыбарегъащIэ IэнатIэхэмкlэ, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ядэлэжьэныгъэ щIалэгъуалэ Iуэхуэхэмкlэ и министр **Пашты Борис**, Парламентым и Унафэщым и япэ кьуэдзэ, «Зыуэ щыт Урысей» партым и щIыналъэ политсоветым и секретарь **Жаным Руслан** сымэ.

«Эльбрусиадэ-2009»-м хэтхэм я мурадщ Щалэгъуалэм и илъэсым и ныпыр, Текlуэныгъэм и Бэракьыр (Зауэм рэ лэжьыгъэмрэ я ветеранэм я Налшык кьалэ Советым щIэрыль кьащIащIауэ), бгым дэжьэр щыщIэдгъэзэнащ, нартыхъум гектар 360-рэ хуэхтхащ.

Мы щIымахуэм ди быымым мэкъумыпэр пэрыхьэту ягъуэтащ. Iэщ лъэпкъыфIу 200-м щIигъу диIэщи, абы щыщу 84-р кьыдоди. Гъэ къэси аэрэ Кэнжэ щыдиIэ гъэмахуэ хьупIэм догъакIуэ, гьатхэр кьызэрихьэ лъандзрэ а щыпIэм ди Iэщ1ихьуэхэр щолажьэ. Абыхэм маз2 улахуэу сом мининби яхуэдгъэзуваш, абы кьыдэкIуэу гьавэрэ мэкъумыпэрэ идот.

- **Фи мурадхэм теухуауэ сыт кьыждекIпэж?**

- Ахэр щыкIыкъым. Дауи, абыхэм дыщекIыпIэнур зэманым кьигъэувэ зэрыгъэзэнущ. Iуэху зехьэкIэ зэмылIэужьыгъуэхэм щыIэ нэхьыбэ кьыхэтшэну ди мурадщ. Къэралым и гулъытэр зыхэтщIэхуаущ, абыи дытрегъэгушхуэ.

- **Нобэкlэ сытхэм нэхъ фигъэпейтейрэ, Альберт?**

- Уасэхэр кьыттохьэпэ. Щыгъэпшэрхэмрэ дагъэ гъэсыныпхъэхэмрэ гъапIэщи, дызыхуейм хуэдиз зэуэ кьыгъэхуэрхьыж. Лэжьыгъэм мыгъэкIуэу Iэщ1ат1эхэр, кьетхьэлIэм хуагъаз3эрэ абырэ зэхуэкIуэжьыркъым. А щытыкIэм зрагъэхъуэжьыну дыщогуть.

Лэжьакlуэ куэд дыхуейщ. Кьаалэм дыпэгъэнэгъущи, нэхъапэхэм хуэдэу цIыхуэхэр тэмэму кьытхуещэлIэжьыркъым. Абы кьыхэкIыну, кьуажэдэсхэр зэхуэтшэсу дахэпэсэхьыхьыну, езыхэм жаIэм дедэIуэну, дызыхуежьа Iуэхухэр зэдгъэхьуIэн папщIэ щыIэ хэмЫыпIэхэр зэпкърытхыну ди мурадщ.

Епсэлъар
ТЕКIУЖЬ Заретэщ.

● Хъыбарыф!

Iуащхьэмахуэ Гъэмахуэ пщыIэ щаухуэ

Бадзэуэгъуэм и 1-м къыщыщIэдзауэ Iэ пщIондэ Европэм и бгы нэхъ льагэ дыдэм гъэмахуэ пщыIэ щаухуэнущ. 1996 гъэм щегъэжьауэ илъэс кьэс екIуэкI а IуэхутIыпэм хэтыпIэ Урысей Федерацэмрэ СНГ-м хьыкIэ нэгъуэщI къэралыгъуэхэмрэ щыщ спортсменхэр.

ПщыIэм и хьэщIэхэр бгым лыжэкIэ, сноубордкIэ кьежэхьынущ. КъищIынымэщIауэ, абыхэм я деж концерт щатынущ къэрал эстрадэм и артист цIэрыIуэхэм.

ЩIалэгъуалэр спортым дегъэхьэхьыныр, я узынщагъэм гулъытэ хуегъэщIынращ Iуэхур кьызэхьыгъэпэщхэм я кьаэныр зыхалъхьгъуэр.

Гъэмахуэ пщыIэм щекIуэкIыну зэхьэзэхуэхэр кьызэрагъэпэщынущ Action Brothers спорт зэпыщIэныгъэхэмкlэ агентствэмрэ «Чегет» пансионатым и администрацэмрэ.

КЪЭХЪУН Бэч.

«Ныбжьэгъугъэр гъунапкъэншэщ»

● Щэнхабзэ

«ЩIыналъэхэм я зэныбжьэгъугъэр гъэбылэн» федерал программэм ишкI иткIэ, Дзэлыкъуэ куейм щыIэ кьэфакIуэ, уэрэджэлакIуэ гупхэр Ставрополь щIыналъэм и Кировск районым хьыхь Зольско станицэм щыIащ икIи зыкьыщагъэлъагъуащ «Ныбжьэгъугъэр гъунапкъэншэщ» зыфIаща зэхьхьэм хэту.

ПЭЖЫР жыпIэнумэ, апхуэдэ программэ щыщымэIами куейхэр ныбжьэгъугъэкIэ зэбгъэдэту кьоКIуэкI. ИкIи зы махуэшхуэ блэкIыркъым Дзэлыкъуэ куейм щэнхабзэмкIэ и лэжьакIуэхэр ирамытIэблагъэу. Зольскэ станицэм лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэу 40-м щIигъу щопсэу. «Ныбжьэгъугъэр гъунапкъэншэщ» махуэшхуэм дэтхэнэ зы лъэпкъри - адыгэхэр, куржыхэр, ермэлыхэр, азербайджанхэр, авархэр, нэгъуэщIэри - хэтащ я фащэхэр ящыгъуэ.

Дзэлыкъуэ куейм и артистхэм махуэшхуэр ягъэдэхащ. Апхуэдэу «Ислъэмей» кьыфIакIуэ, уэрэджэлакIуэ ансамблэр зигу дэмыкьа хьэщIэхэми хэгъэрейхэми яхэтакьым.

Щэнхабзэр Iэмал гъэзэджэщ лъэпкъэр зэгурыIуэныкIэ, зым адрейм пщIэ хуищIынымкIэ. Аращ мыпхуэдэ зэIущIэхэр гъэ кьэс ирагъэкIуэкIыну щIамурадри.

ДЗЭГЪАЩГЭ Азэмэт.

● Егъэджэныгъэ

ФIыкIэ, ди еджапIэ!

Илъэс пщыкIуэ и пэкIэ курыт еджапIэхэм я бжэцхьэIум ебэкъуауэ щыта сабийхэм нобэ къарыщIыкIащ лъэ быдэкIэ гъащIэм хэувэфын щIалэгъуалэ.

РЕСПУБЛИКЭМ и ныбжьыщIэ 8070-м папщIэ школхэм ныщхьэбэ щекIуэкIынущ пшыхьхэр. ЩIалэгъуалэм я гуфIэгъуэ Iуэхуэгъуэм зыхуагъэхьэзыр пасэу щIадзащ. Дыгъуасэ школакIуэу щыта цIыкIуэхэр пшыхьхэм къекIуэлIэнущ бостей дахэ зэрагъэзэн зи Iэпкълъэпкъ лантIэм екIу пщащэ, кIэстум къекIуэхэр зи пкъы уардэм илъ щIалэ къудан хъуахэу.

Сыхьэт 21-м щIидзэну зэхьихьэм и япэ сыхьэтитIыр хухахащ щIалэгъуалэм я япэрей документ нэхъыщхьэр - аттестатыр етыжьынымрэ егъэджакIуэхэм, адэ-анэхэм, езы ныбжьыщIэхэм къабгъэдэкI хъуэхъуэхэмрэ. ИужькIэ сыхьэти 3-4 хъуухкIэ къафэхэмрэ джэгухэмрэ екIуэкIынущ. ИтIанэ щIалэгъуалэри, егъэджакIуэхэри, хьэщIэхэри пщэдджыжь нэхущым пежьэнущ. Ар гуимыхужщ икIи игъащIэ псокIэ псэм игъафIэ тепльэгъуэхэм ящыщ зыщ.

ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэ.



Иджы дипломатхэр зонькъуэкъу

Великобританием щыIэ иран дипломатитI къэралым ираугъэкIащ.

Ар Иджкылызым и жэуапу аращ иджыблагъэ Тегеран британ дипломатитI кьызэрырагъэкIыжам. Апхуэдэ унафэр зыщIар Инджылызым и премьер-министр Браун Гордонщ.

Тегераным апхуэдэ льэбакъуэ щичам и щхьэусыгъуэ кьигъэлъагъуэр президент хэхьыныгъэхэр зэфIэкIа нэужь, британ лIыкIуэхэр Ираным и къэрал кIуэцI Iуэхуэхэм хэIэбэну зэрыхэтаращ.

ХъумпIэцIэджым и кIуэдыжьыгъуэ

Ираным щекIуэкIа президент хэхьыныгъэхэм къриклуа Iуэхуэгъуэхэмкlэ мыарэзыуэ Барак Обамэ къэпсэльащ.

- Ираным теухуауэ псальитI-щы жысIэнут. А къэралым иужьрей зэманхэм щекIуэкI Iуэхуэхэм дуней псор тогуэзвыхь. Ираным и къэрал кIуэцI Iуэхуэхэм дыхэIэбэркъым, ауэ абыхэмкlэ хуабжьу дызэрымыарэзыр ныбхъэзгъэщынут. Дэ а къэралыр дунейпсо утыкум кьызэрекIуэлIэну гъэзгу хуэдгъэльэгъауэ, хуитныныгъэу ирагар кьызэрыфIэмыIуэхуэри, ар нэгъуэщI зыгуэру кьызэрыгурыIуэри наIуэщ, - жиIащ президентым.

КIуэ пэтми зеубгъу

Кхъуэм кьыпкърыкIа

ГриппымI Iуэбыдыпlэнпэу зеубгъу.

И ндонезием узынщагъэмкlэ и министерствэм кьызэриIотыкIа, А/Н1N1 вирус шынагъуэр а къэралым и цIыхуитIым кьоуэ.

А узыфэр Латвиемкlи къэкIуэтащ. Канадэм, США-м, Германием щыIауэ Латвием зыгъэзэжа цIыхубзыр сымаджэщым щIэлъщ.

Иужьрей зэманым кьриубыдзу а узыфэр щIыху мин 53-м еуэлIащ, абыхэм ящыщу щIыху 231-р лIащ.

Мы махуэхэм

Мэкъуауэгъуэм и 25, *махуэку*

♦Мэкъуауэгъуэм и 25-27-хэм Триест (Италие) щекIуэкIынущ «Гупи 8»-м хьыхь я къэралыгъуэхэм хамэ къэрал Iуэхуэхмкlэ я министрхэм я зIущIэ.

♦Философие щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **Унэж Кашиф** кьыщалъхуа махуэщ.

♦Дыгъэ щхьэцIэкIащ сыхьэти 5-рэ дакьикъэ 26-м, кьуэхьжынущ сыхьэт 20-рэ дакьикъэ 51-м.

♦Махуэм и кIыхьагъщ сыхьэт 15-рэ дакьикъэ 26-рэ.

Мэкъуауэгъуэм и 26, *мэрем*

♦ Афиян лIэужьыгъуэхэр зэхьэлIэныкъэ ахэр зехьэныкъэ щапэщIэт махуэщ. 1987 гъэ лъандзрэ махуэ щхьэхуэ хухахащ мы Iуэху щынагъуэм.

♦Дыгъэ кьыщIэкIынущ сыхьэти 5-рэ дакьикъэ 26-м, кьуэхьжынущ сыхьэт 20-рэ дакьикъэ 51-м.

♦Махуэм и кIыхьагъщ сыхьэт 15-рэ дакьикъэ 26-рэ.

ПланетэмрэIуэхуэсэхэмрэ КъАНЫКъУэ Анфисэт.

Шынагъуэншагъэр кьызэрагъэпэщ

АБХЪАЗ. ***Курортхэмрэ туризмэмкlэ кьрал комитетым и унафэщI Лакербай Тенджыз зэрыжиIамкIэ, Абхъазым зыщыщызгъэлсэхуну кьакIуэ туристхэм я щынагъуэншагъэр кьызэрагъэпэщащ, щытыкIэр щIыналъэм щызэпIэзэрытщ, щIыхуэр щIэгъуэзвэн щхьэусыгъуэ щыIэкъым**.

ЛАКЕРБАЙ Тенджыз кьызэрыхигъэщамкIэ, туристхэм я щынагъуэншагъэр кьызэрагъэпэщыным екъэIа лэжьыгъэ щхьэхуэхэр щIыналъэм жыджэну щокIуэкI, абы республикэ властыр тKIийуэ кIэлъопль. Гагрэ, Пицундэ, Новый Афон щIыпIэхэр милицэм и лэжьакIуэхэм яхъумэ, хьэщIэщхэр, курортхэр, пансионатхэр я нэIэм щIэтщ.

Бгырысхэм ятеухуа фильм

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. ***«Там, где начинается небо» зыфIаща фильм республикэм и щIыпIэхэм иджыблагъэ щытрахынущ. Абы щхьэкIэ КъШР-м къэкIуащ режиссер цIэрыIуэ Арсенийр Алексеевичрэ Гринякин Игорь сымэ, нэгъуэщIхэри. Ахэр ящыщщ «Бумер», «Ликвидация», «Адмирал» фильмхэр зыгъэхьэзырахэм, тезыхахэм.***

- ДЭ ДЫХУЕЙщ Кавказыр пэжыпIэкIэ зэрыщытым хуэдэу къэдгъэльэгъуэну. Мыр икьыкIэ щIыналъэ тепльыдэжщ, дахэщ, зи щхьэм пщIэ хуэзыщIыкIыр щыIэ екIуэхэр щопсэу. Абы нэмыщIкIэ, сэ кьызэрысльытэмкIэ, бгырысхэм я фащэр Урысей Федерацэм и адрей лъэпкъхэм яяхэм нэхърэ нэхъ дахэщ. Мурад диIэщ фильмыр дуней псо утыку итхьэну.

Канны, Венецием щыдгъэльэгъуэну. КIэщIу жыпIэмэ, ди мурадщ Кавказым и дахагъым щIыху псори щыгъуазэ тщIыну, нэгъуэщIынкIэ едгъэзгъэльыну, - жиIащ фильмым и продюсер нэхъыщхьэ Писарук Дмитрий. - Кьыхэдгъэщынущ Кавказ зауэм лей нэхъыбэу кьызытехьар бгырысхэрауэ зэрыщытыр, абыхэм щхьэусыгъуэншэщ Iэщ1 ауэ сытми кьызэрамыщтар. Лъапсэрых зауэ, Ермоловыр, щIыналъэ бгынэ - ахэр псори щIыIащ. Кавказ IщхьэкIэ - дуней гъуэгуанэ. Щыпсэу щIыхуэзгъэнэ уардэщ. А псом и щхьэжу кьызэдгъэщынущ, дапхуэдизбэлъхь ятелъами, бгырысхэр цIыху тэмэму, гущIэгъуэщIыу, ягуэ я псэрэ зэIухауэ зэрыпсэур.

ХЬЭЩIЫКЪУЕЙ Олег.

● «Адыгэ псалъэр» къыхьзох

Сабиигъуэр сигу къегъэкIыж

СЭ ФIЫУЭ сощIэж сыщыщIыкIуэм щыгъуэ сэ ди нэхъыжьхэм «Адыгэ псалъэ» газетыр зэрыщIаджыкIыу щытар. СщIэркъым ар, тауэрыхъ гуэрым сыхэтам хуэдэу, гуэрэм, IэфIу сигу къыщIинэжар. Унагъуэм илъ хуабагъэм щыщу кьысфIощI лъэпкъ газетыр, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, зэи кьэхъуакъым ар кьыщытIэрымыхьа. «Адыгэ псалъэм» кьытрадзэ сабий напэкIуэцIхэм, «Малъхъэдисым» храгъэубыдэ таурыхъэм, усэ щIыкIуэхэм ди анэр кьысхуеджэу щытащ.

НобэкIэ си сэ зэманыр зэпэшэчауэ, Iуэхуэр си пщIэм кьэсу щытащ, «Адыгэ псалъэр» зыщIыпIэ деж телъу кьысIэрыхьамэ, сфIэфIу, сабиигъуэр сигу кьэкIыжу соджэ. Лъэпкъыр дрипагэу газет щхьэпэщ «Адыгэ псалъэри», дэтхэнэ адыгэ унагъуэми ар илъыпхъэу кьызолытэт.

МЭЖДЖЫХЬ Эдуард,
атлетикэ хьэлъэмкIэ дунейпсо зэпеуэм и чемпион.

Ди газетыр къыфIэрыхьэну фыхуеймэ

Ди щIэджыкIакIуэ лъапIэхэ!

Фигу къыщогъэкIык 2009 гъэм и етIуанэ итыэс ныкъуэм кьыфIэрыхьэну газетхэм, журналхэм Iэ тедзэнр зэриухыр.

Итыэс ныкъуэм газетым и уасэщ сом 356-рэ кIэлIейкIи 10-рэ.

«Адыгэ псалъэм» Iэ щIелевдзэ хъунущ республикэм и пощт Iуэхущ1анIэ псоми.

Ди индексыр 51531

Экономикэ | Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ | Жылагъуэ Іуэху

● Ди [illegible]

Ипщэ Федеральнэ

Псоми ящІэу къыщІэкІынукъым Урысей Федерацэм иджыпсту субъект 83-рэ зэрыхэтыр. Ахэр республикэ, край, область, округ зэмыщІэу: ныкъыгъуэку егупшыж икІи, зы къэралым щыщІэзыми, я псэукІэр зэхуэдэу пхужыІэнукъым.

Гъунапкъэхэр

Ипщэ Федеральнэ щыналъэм (ЮФО) УФ-м и субъект 13 хохьэ. 2000 гъэ пщІондэ абы зэреджэр Кавказ Ищхъэрэ Федеральнэ щыналъэущ, ауэ, зэрыгурыІуэгъэщи, Волгоград, Астрахьэн, Ростов областхэр Кавказым щыщу жыпІэну гугъущ.

Къэрал гъунапкъэхэр хуиІэщ щыкмкІэ Украинэм, Къэзахстаным, Куржым, Азербайджаным, псымкІэ Тыркуи, Ираным, Тыркумэным, Болгариеи, Румынием. Абы хеубыдэ Европэм и бны нэхъ лъагэ дыдэу Іуащхьэмахуэ, и бгъуитІымкІэ къыщыпсу тенджызыМ ФІыцІэмрэ Каспий тенджызымрэ, щыналъэм кІуэцІрокІ къэралым и псыежэх нэхъ ин дыдэхэу Индыдпрэ Тэнрэ.

Бжыгъэ хьэлэмэтхэр

Къэралым и щыналъэм и проценти 3,5-р Ипщэ Федеральнэ щыналъэм еубыдц, нэгъуэщІу жыпІэмэ, километр зэбгъуэзнатІэ мин 590-м нэблагъэ. Абы щопсу цыху мелуан 23-рэ (къэралым и процент 16-р). Щыналъэм и инагькІэ Ипщэ Федеральнэм адрейхэр хэпщІыкІыу къыкІэроху. Абы къалэу 132-рэ итщ, мелуанырыбжэр Дон Іус Ростов и къэхъуащ. Цыхьэр зэрызэхэсым и Іуварыгкъэ дяпэ итыр Центральнэ Федеральнэ щыналъэм и закъуэщ.

ДоІэпхъуэ, жьы дохъу

Урысей Федерацэм щыпсэуэхэм 1992 гъэм щегъжьауэ кІэрыху зэпытщ икІи нэгъабэ тхэщІам и бжыгъэр мин 317-рэ хъуащ. Абы щыгъуэм, Ипщэ Федеральнэ щыналъэм 2008 гъэм хэхъуэу цыху мин 17 ІІащ.

Къэралым демографиемрэ и лъэныкъуэкІэ щекІуэкІ Іуэхугъуэхэр мыбын щыІэщ: цІыхухэр жьы мэхъу, Іэпхъуэшапхъуэхэм хохьэу, ціыхьухэм я бжыгъэм хощІ.

Урысейм къэІэпхъуэхэм я нэхъыбэр Къэрал ЩхьэхуитхэмкІэ Казахстан, Украинэ, Армение, Къэзахстаным щыщхэщ. Ахэр Узбекистан, Германием, Америкэм и Штат Зэгуэтхэм, Финляндиеи, Канадэм, Израильм макІуэ. Ардыдэгр щыбольагъу Ипщэ Федеральнэ щыналъэми.

Дыкуэдщ, дызэщхькъым

Лъэпкъ зэмылІэужьыгъуэхэм къахэкІауэ нэхъыбэ дыдэ щыпсэру Ипщэ Федеральнэ щыналъэрщ. Дагъыстэным и закъуэ ахэр 30 щохъу. ЛъэпкъкІэ къапщтэмэ, Ипщэ Федеральнэ щыналъэм щопсэу (проценткІэ къэзгъэлъэгъуауэ): урысхэр - 64,5-рэ, шэшэхэр - 5,6-рэ, авархэр - 3,4-рэ, адыгэхэр (къэбэрдейхэр, адыгейхэр, шэрджэсхэр) - 3,1-рэ, ермэлыхэр - 2,6-рэ, даргинхэр - 2,1-рэ, осетинхэр - 2,1-рэ, къумыкъхэр - 1,7-рэ, къэрэшейхэр - 0,8-рэ, балькъэрхэр - 0,4-рэ, нэгъуэщІхэри.

ЮФО-м лъэпкъ гуп 200-м щІигъум я зэгухьэныгъэ щыІэщ. Ахэр щынэхьыбэщ Ростов, Волгоград областхэм, Краснодар, Ставрополь крайхэм. ЩымащІэкъым Астрахьэн областым, Къэбэрдей-Балькъэрым, Къэрэшей-Шэрджэсым.

Сочэ зрешалІэ

Сочэ щекІуэкІыну щыымахуэ Олимпиадэм и ухуэныгъэхэм я проектхэр мы гъэм яухыу, ирагъэлэнкІэ лэжьыгъэхэм щІадзэн хуейуэ УФ-м и Президент Медведев Дмитрий къалэн зэращІам къыхэкІыу, Іэнатіэ лъыхъуэу абы къэІэпхъуэнухэм я бжыгъэр хэпщІыкІыу мыгувэу хэхъуэну хуагъэфащэ. Шэч хэмылъу, абы лэжьапІэ щагъуэтыныущ мы щыІэпІэм игъащІэ лъандэрэ щыпсэухэмэ. А Іуэхугъуэм гугъэ уёгъэщІ Ипщэ Федеральнэ щыналъэм Іэнатіэншэхэм я бжыгъэм щыкІэрыхуну, ціыхухэм я псэукІэр зэрыщыту щефІэкІэну.

ГЕОРГИЕВСКИЙ Владимир.
«Московский комсомолец».

● Мылъку

Къэралым «йоІэпхъуКІ»

НэгъуэщІ къэралхэм мылъку ягъэІэпхъуамрэ ягъашамрэ я куэдагъэщ 2008 гъэм Урысей Федерацэм щыпсэухэм процент 30-кІэ хагъэхьауащ икІи псори зэхэту доллар мелард 51,9-м нагъэсащ.

АБы щыІІУ Урысейм кІыхьар доллар мелард 10,8-щ, ирагъэкІар мелард 41,1-рэ мэхъу. Апхуэдэ бжыгъэхэр иджыблагъэ Центробанкым къытридзащ.

Нэхъапэмэ хуэдэу, нэгъуэщІ къэралхэм ящІэ, ирагъэкІар доллар мелард 8,5-рэ хальхьащ. Абы щыІІУ мелардрэ ныкъуэр Нидерландхэм щыІэхэм ягъэкІуащ.

НэгъуэщІ къэралхэм ягъэкІуа ахъшэхэм я процент 17-р абыхэм къыщащІэуэ хэлэпшІыхэм щІатащ. Ахэр нэхъыбэу зытекІуэдар автомобилхэрщ. Урысейм икІа ахъшэхэр щІатащ каталогхэмкІэ къащІэхуахэм (доллар мелуан 62-рэ), нэгъуэгъэжьымэ (мелард 1,1-рэ). ЩІэныгъэ зэгъэгъэтыным теуху Іуэхутхьэбзэхэм процент 10-р яхьащ.

Къэралым ихьхьэжа мылъкухэм я гугъу пщІымэ, абы и ныкъуэр къэзыдкІыжар Швейцарием щыІэ банкхэрщ. Абыхэм я процент 75-р (доллар мелард 2,1-р) ціыху щхьэхуэхэм яІэрыхьащ. НэгъуэщІ къэралхэм къыщалэжьа улахуэу УФ-м къэрашэжар доллар мелардым нэблагъащ.

Урысейм икІа ахъшэхэр нэхъыбэу щетІысэхащ Китаим (доллар мелард 4,2-рэ), Швейцарием (3,3), Узбекистаным (3,0), Таджикистаным (2,6), Украинэм (2,3), Америкэм и Штат Зэгуэтхэм (2,1). Абыхэм къэралым ирагъэІэпхъуКІа мылъкум и процент 43-р яхуозэ, Ахъшэр нэхъ уэру къоКІыж Швейцарием, США-м, Кипрым, Великобританием, Германием, Къэзахстаным.

ПЕТРОВ Юрий.
«Российская бизнес-газета».

● Сату

Черкизовэ бззэрыр.

Исмаилов олигархыр и бззэрымкІэ жэуаптакІуэ?

Хабзэм ебакъуэу къэралым кърада хьэщыпхъэр зэрылъ контейнер мин 6 иджыблагъэ кьалащхьэм и Черкизовэ бззэрым кьыщыгуэтащ. Абыхэм ящтщ ешІэрэ я ушыпагъэм зэран хуэхъуфынухэри.

ЧЕРКИЗОВЭ бззэрыр и унафэм щІэтщ мелардырыбжэ Исмаилов Тельман. Тыркум есым ейуэ щытщІа ціыху зэрыгуэ-отелым иджыблагъэ абы «ПІэщІыгъуэм и еф-ешх» ехьэжа щригъэкІуэкІащ, дуней псом щ ы щ І э р ы І у э хьэрычэтыщІэхэр, политикэхэр, артистхэр кьрихьэлІэу.

- Контейнерхэр зейри, кьаІэзыхуэкІуари наІуэхьам, - щы-жиІащ «Вести недели» программэм Урысей Федерацэм и Генеральнэ прокурор Чайкэ Юрий. - Абыхэм ярылъхэм доллар мелард 2 я уасэщ. А хьэпшІыпхэр ягъэсыным, щІатІэныи ихьыну мылькуущхуэр кьыхуиуІыпщІыну прокуратурэр правительствэм ельэІунущ.

Хьэлэмэтраци, мы Іуэхугъуэр кьэхъуным тхьэмахуитІ и ІэжУ «Известия»-р тетхьхьащ АСТ гупым и унафэщІ, адрейхэми кьадэжьІуэу, Черкизовэ бззэрыр зыІэщІэль Исмаилов Тельман Тыркум щригъэкІуэкІа «ПІэщІыгъуэм и ефэ-ешхэм». Ар здащІа ешІэм и отелым сультІанхэм я уардзэуэнхэр кьыдигъэпхьыхэнукъым икІи иригъэблэгъа хьэщІхэм олигархым доллар мелуан зыбжанэ ятригъэкІуэдащ. Армыраущ пІэрэ Черкизовэ бззэрым щекІуэкІ щІэпхьащагъэр кьыщІэгъэщыным щхьэусыгъуэ хуэхъуар? Дунейпсо финанс кризисым зыщыубгъу лъэхъэнэр ар куэдым хьэдыгъуэдаэу кьащІыхьащ.

- Черкизовэ бззэрым екІуалІэ контрабандэ лъагъэр илъэ и пэкІэ кьыщІэдзащэу щытащ, - жеІэ Калининград щыІэ КьухьэпІэ УВД-м и следствэ управленэм и унафэщІым и кьуэдзэу абы щыгъуэм лъэкъа Федоров Сергей. - Ар уВыІэгъуэ имыІэу хьэпшІыпхэр хабзэм кьемыІэзгъэщІ кьыІэрыраш гъэугут. 2007 гъэм щегъэжьауэ д абыхэм дакІэльпыплъыр. Гу лъмытэнкІэ Іэмал иІэтэкъым Калининград кхьухь тедзапІэм кьажІуэ хьэпшІыпхэр щэч зыхуэщІыпхъэ фирмэ щхьэхуэхэм ей хуэдэу эратхым. Апхуэдэхэм ящщщ зыр мыхьэжьыну сымаджэ пенсионерым и цІкІэ щытт, адрейр фадафэрэ псэупІэ унэ зимыІэрэт. ДокументхэмкІэ кьыпщыхьхурт а цІыхуитІым Калининград областыр Китаим и хьэпшІыпхэмкІэ ильэс куэдкІэ кьызэрагъэпэщыну мурад ящІауэ. Унэм зэрыщІэтыну ваКъэ кьудейуэ зэман кІэщІым кьрибудыру абыхэм медуанитуку кьраугъэщащ, областым щыпсэуар мелуан ирикъуекым.

Хьэпшыпхэр щІыналъэм кьыщагъэсэбэп хуэдэуэр пхащІэкІащ икІи пошлинэм теІуэдэну мылькуэм зыми итакьым. ИужькІэ Черкизовэ бззэрым ящхькІт.

Нэгъабэ и мазаем Іуэхур эхихъэжьІну и пщІ иралъхьащ юридическэ факультетыр диплом плъыжькІэ къэзыухагъащІэ Кравченкэ Ириндж. Следователыр ерыщу и ЕнатІэм пэрывращ икІи, зэрыщыгугъащу я кьыщыхущІэмыкІым, зэран хуэхъуу щІадзащ.

Хьэпшыпхэр зейхэм Кравченкэ и унафэщІэм зыпащІащ икІи Іуэхур нэгъуэщІым ирагъэхъну хущІэкъуащ. Управленэм и Іэтащхьэ Низолэ Любовь щІэтэкъуэн ящІа пэмми, кьайкъуІакьым. Уеблэмэ Кравченкэ Мэзкъу кІуэри, Росгрупотребнадзорым щІэль сертификат нэпцІэкІэ зыІэригъэхьащ. Абыхэм Іуэхур Іупщ ящІырт. АрщхьэкІэ, кьнгъэжьа иужькІэ, щытхъум и пІэкІэ следователым крагъэлъэгъуащ.

Ардыдэр иращІащ УВД-м и следствэ управленэм и унафэщым и кьуэдзэу лажьэ Федоров Сергеи. Ильэс тІощ ыуэу зи ІэнатІэм псэ ХьэлэлкІэ пэрыт подполковникым лейтенантым хуэфащэ кІуфыкъуф кьыхуагъэлъэгъуар - аэропортым жьлагъуэ щынагъэщнагъэмкІэ и инспектору. Кравченкэ Ириндж, хуеямэ, гаражым и техникыу яГъувынут.

Апхуэдэу щыхъум Кравченкэ Іуэхур зэпикьуэрп, ФСБ-м и щыналъэ управленэм иритащ. Абы иужькІэ занщІу Іуагъэкіащ. Иджы и щхьэ хуолэжьэ. Чэркизовэ бззэрым хабзэм къемыззэгъыу ирашІалІэ хьэпшыпхэм я Іуэхур эхэзгъэкІыным унафэ тещІыхьынщр, япэми хуэдэу, и унафэм щІэтщ Низолэ Любовь.

- Иджы, контрабандэм и инагьым тесуэта хъыбар Урысей Федерацэм и Премьер-министр Путин Владимир щыІэрыхьа-кІэ, шэч кьытесхьэркъым, Іуэхум кІэ игъэтынущ, - жеІэ Федоровым. - Управленэм и нобэрей унафэщІхэм абы кьрикІуар наІуэ ящІынщ, уеблэмэ кьэрал дамыгэхэри кьыхуагъфэцІнкІэ хьэщІ.

- Іуэхур дауэ екІуэкІми ягъэкъуаншэхэр щыгъуазэт, - пещэ псалъэмакъым Кравченкэ Ириндж. - Яныныкъуэхэм загъэщІкІуни Іэмал яІэт, адрейхэм си унафэщІ Низолэ Любовь кьагъэсэбэпуэ кьыстракъуэзэрт, сагъэшынэну хэтт. Мэлыжьхьым и пэщІэдзэм си кабинетым зыгуэр щІыхьэри, ар кьишащ. Абы теуха рапорт стха пэтми, зыри эхэгъэкІаІэкъым. КьыкІэльныкІуэу Мэкъу командирновэ самыгуІыпщу щІадащ. ИкІэм-икІэжьым, хабзэм кьемызэгъыу, дзэкъалІэм сыкьыІуагъэкІащ.

«Известия»-м и корреспондентхэм зэхагъэкІащ хьэпшыпхэр зэрыль контейнерхэр здэщыІэр. Ахэр псори Черкизовэ бззэрым е абы пэмыжьжьэу складэм щахьымэрт.

Іуэхуми зыкІи зихьэжакъым. Черкизовэ бззэрыр япэми хуэдэу мозажъ. Цыхуэхэр абы щымащІэщ, хьэпшыпхэр щыкуэдщ.

Исмаилов олигархым кьыщхьэщыкьну адвокат щІрыІуэ Астаховыр кьащтащ. Ар абы и кьэкІуэнум щхьэкІэ гузавэрэкьым. Уеблэмэ следователыр тІэу-щэ кьеджа пэтми, Исмаиловыр кІуакъым.

- Пэжщ, повесткэ зыбжанэ щыІащ, ауэ следствэм жетІэн зэрыдимыІэмкІэ тхыгъэкІэ хъыбар едгъэщІащ, - дышеГъэгъуаэ Астаховым. - Исмаиловыр бззэрыр зейхэм ящыщ зыуэ зэрыщытым кьыкІыр-кьым, ар контрабандэкІэ бгъэкъуаншэ хуэну. Хьэпшыпхэр зейхэр кьрагъуэти, жуэап ирагъэт. Исмаиловым абыхэм бэджэндау сату щапІэхэр яхуигугъэшу аращ.

СТУЛОВ Илья, ДЕМЧЕНКЭ Владимир, РЕУТ Андрей.
«Известия».

Тыркум щригъэщІа уардзэуэ-отелым сультанхэри йохьуапсэ.

Мелардырыбжэ Исмаилов Тельман.

● ЛэжьапІэншэ

ЩищкІэ зэрагъэмэщІам щогуфІыкІыж

Краснодар крайм и кьулыкъущІэхэр цыху 300-кІэ ягъэмэщІэным теуха унафэ мы щыІэм мазищ и пэкІэ кьыщащтауэ щытащ.

АБы КЪРИКІУАХЭМ щыхэпльэжьым, Краснодар крайм и губернатор Ткачев Александр иджыблагъэ жиІащ а Іуэхугъуэр зэрыгтэмэмым есы гъащІэр щыхьэт зэрытехьуар.

КьулыкъущІэхэр зэрагъэмэщІам щыпІэ бюджетым кьыхуигъэхуащ сом мелуан 200-м щІигъу.

- Социальнэ унэтІынныгъэ зиІэ Іуэхугъуэхэм ахэр хуэдэутІыпщащ, - жиІащ экономикэм и зыужьныныгъэм кІэлъыплъыныр зи пщэ дэть Краснодар крайм и вице-губернатор Пероннкэ Иван. - КъыдэдгъэхуащІ мылькуэр псом ящрэуэ хуэхэтащ «Кубаным и щІалэгъуэ». программэм ипкъ иткІэ дубзэхуэ язэхьыгъэкІэм. Кхъаэ хъуэ псэуалъэхэм щІыхьэгъэ кьыщІэдзэІэпхъуКІым папщІэ кьаутІыпща Федеральнэ ахъщэм хэтлъхьэн, лъы зыт донорхэм зэрызащІэдгъэкъуэн, нэгъуэщІ Іуэхугъуэ щІхьэпэжьмэ тедгъэкІуэдэн зябы кьыхэкІащ.

КьулыкъущІэхэр крайм щагъэмэщІам и закъуэкъым, атІэ служебнэ автотранспортыр кьызэрагъэсэбэпынрэ нэхъ тІкІий ящІащ. Кьащтэмэ, администрацэм и гъэкьафуэхэр щыпІэ кьуэдым жылагъуэ транспортымкІэ макІуэ, кхъухьатхэм, мафІэгуэхэм я билетхэр экономклассу кьащІэху. ТелефонкІэ зэрагъэтэнрэ и пІэльэр, Интернетри хэту, хэпщІыкІыу ягъэмэщІащ.

Крайм и администрацэм и мылъку зэгъэзэхуэкІэр щапхъэ хуэхъуащ щыпІэм и куей, кьалэ властхэми я Іуэху зехьэкІэм. Абыхэми ильэсым кьрибудыдэу сом мелуан 23-25-рэ кьыдагъэхуэну кьалэн щащІащ.

ЖЕЛЯКОВ Виктор.
«Северный Кавказ».

● Ди [illegible]

Ипщэ Федеральнэ

Псоми ящІэу къыщІэкІынукъым Урысей Федерацэм иджыпсту субъект 83-рэ зэрыхэтыр. Ахэр республикэ, край, область, округ зэмыщІэу: ныкъыгъуэку егупшыж икІи, зы къэралым щыщІэзыми, я псэукІэр зэхуэдэу пхужыІэнукъым.

Гъунапкъэхэр

Ипщэ Федеральнэ щыналъэм (ЮФО) УФ-м и субъект 13 хохьэ. 2000 гъэ пщІондэ абы зэреджэр Кавказ Ищхъэрэ Федеральнэ щыналъэущ, ауэ, зэрыгурыІуэгъэщи, Волгоград, Астрахьэн, Ростов областхэр Кавказым щыщу жыпІэну гугъущ.

Къэралгъунапкъэхэр хуиІэщ щыкмкІэ Украинэм, Къэзахстаным, Куржым, Азербайджаным, псымкІэ Тыркуи, Ираным, Тыркумэным, Болгариеи, Румынием. Абы хеубыдэ Европэм и бны нэхъ лъагэ дыдэу Іуащхьэмахуэ, и бгъуитІымкІэ къыщыпсу тенджызыМ ФІыцІэмрэ Каспий тенджызымрэ, щыналъэм кІуэцІрокІ къэралым и псыежэх нэхъ ин дыдэхэу Индыдпрэ Тэнрэ.

Бжыгъэ хьэлэмэтхэр

Къэралым и щыналъэм и проценти 3,5-р Ипщэ Федеральнэ щыналъэм еубыдц, нэгъуэщІу жыпІэмэ, километр зэбгъуэзнатІэ мин 590-м нэблагъэ. Абы щопсу цыху мелуан 23-рэ (къэралым и процент 16-р). Щыналъэм и инагькІэ Ипщэ Федеральнэм адрейхэр хэпщІыкІыу къыкІэроху. Абы къалэу 132-рэ итщ, мелуанырыбжэр Дон Іус Ростов и къэхъуащ. Цыхьэр зэрызэхэсым и Іуварыгкъэ дяпэ итыр Центральнэ Федеральнэ щыналъэм и закъуэщ.

ДоІэпхъуэ, жьы дохъу

Урысей Федерацэм щыпсэуэхэм 1992 гъэм щегъжьауэ кІэрыху зэпытщ икІи нэгъабэ тхэщІам и бжыгъэр мин 317-рэ хъуащ. Абы щыгъуэм, Ипщэ Федеральнэ щыналъэм 2008 гъэм хэхъуэу цыху мин 17 ІІащ.

Къэралым демографиемрэ и лъэныкъуэкІэ щекІуэкІ Іуэхугъуэхэр мыбын щыІэщ: ціыхухэр жьы мэхъу, Іэпхъуэшапхъуэхэм хохьэу, ціыхьухэм я бжыгъэм хощІ.

Урысейм къэІэпхъуэхэм я нэхъыбэр Къэрал ЩхьэхуитхэмкІэ Казахстаным, Украинэ, Армение, Къэзахстаным щыщхэщ. Ахэр Узбекистан, Германием, Америкэм и Штат Зэгуэтхэм, Финляндиеи, Канадэм, Израильм макІуэ. Ардыдэр щыбольагъу Ипщэ Федеральнэ щыналъэми.

Дыкуэдщ, дызэщхькъым

Лъэпкъ зэмылІэужьыгъуэхэм къахэкІауэ нэхъыбэ дыдэ щыпсэру Ипщэ Федеральнэ щыналъэрщ. Дагъыстэным и закъуэ ахэр 30 щохъу. ЛъэпкъкІэ къапщтэмэ, Ипщэ Федеральнэ щыналъэм щопсэу (проценткІэ къэзгъэлъэгъуауэ): урысхэр - 64,5-рэ, шэшэхэр - 5,6-рэ, авархэр - 3,4-рэ, адыгэхэр (къэбэрдейхэр, адыгейхэр, шэрджэсхэр) - 3,1-рэ, ермэлыхэр - 2,6-рэ, даргинхэр - 2,1-рэ, осетинхэр - 2,1-рэ, къумыкъхэр - 1,7-рэ, къэрэшейхэр - 0,8-рэ, балькъэрхэр - 0,4-рэ, нэгъуэщІхэри.

ЮФО-м лъэпкъ гуп 200-м щІигъум я зэгухьэныгъэ щыІэщ. Ахэр щынэхьыбэщ Ростов, Волгоград областхэм, Краснодар, Ставрополь крайхэм. ЩымащІэкъым Астрахьэн областым, Къэбэрдей-Балькъэрым, Къэрэшей-Шэрджэсым.

Сочэ зрешалІэ

Сочэ щекІуэкІыну щыымахуэ Олимпиадэм и ухуэныгъэхэм я проектхэр мы гъэм яухыу, ирагъэлэнкІэ лэжьыгъэхэм щІадзэн хуейуэ УФ-м и Президент Медведев Дмитрий къалэн зэращІам къыхэкІыу, Іэнатіэ лъыхъуэу абы къэІэпхъуэнухэм я бжыгъэр хэпщІыкІыу мыгувэу хэхъуэну хуагъэфащэ. Шэч хэмылъу, абы лэжьапІэ щагъуэтыныущ мы щыІэпІэм игъащІэ лъандэрэ щыпсэуэхэми. А Іуэхугъуэм гугъэ уёгъэщІ Ипщэ Федеральнэ щыналъэм